

Objektif òganizasyon nou an se ede timoun rete an sekirite epi an sante. Premye fwa ou vizite Little Lambs ou ap gen pou ranpli yon fòm novo kliyan ak enfòmasyon w.

Nan premye vizit ou, ou pral resevwa yon kado ki se yon pake daypè gratis. Pwochen fwa w ap vini nan magazen an, ou dwe itilize koupon/bon acha Little Lambs yo.

Ou kapab benefisyé bon acha Little Lambs yo lè w ale nan randevou ak òganizasyon asosye nou yo.

Kèk nan asosye nou yo se WIC, Ministè Sante a, ak Klinik Sante ECHO (ECHO Health Clinic).

Magazen an plen ak atik tankou daypè, savon bebe ak boutèy. Atik yo gen etikèt sou yo ki di konbyen bon acha w ap bezwen pou peye chak.

Tanpri ale sou sit entènèt nou a pou jwenn Plis enfòmasyon nan [www.littlelambsevansville.com](http://www.littlelambsevansville.com) epi renmen paj nou an sou Facebook.



*Haitian Creole Version Updated 1.31.23*

A Timoun ki gen mwens pase yuit lane nan Indiana gen obligasyon pou paran yo mete yo nan yon chèz pou bebe nan machin lan. Si pitit ou bezwen yon chèz bebe pou machin epi ou pa kapab peye youn, ou kapab pran yon randevou ak nou. Ou dwe pran yon randevou pou jwenn yon chèz bebe pou machin. Pitit ou a dwe preznan nan randevou a pou w kapab resevwa yon chèz bebe pou machin.

Chèz bebe pou machin yo koute 20 bon acha Little Lambs oswa \$20.00.


Chak chèz bebe pou machin gen kondisyon laj, wotè, ak pwa ki DWE respekte. Gade nan enfòmasyon ki nan arebò chèz bebe pou machin lan. Nna yon randevou pou chèz bebe, ou dwe rankontre ak yon teknisyen pou chèz bebe pandan anviwon 45 minit pou aprann kijan pou w enstale epi itilize chèz bebe ou a nan machin lan.

Ti bebe yo dwe dòmi nan yon basinèt, yon kit amizman ak dòmi, yon bèso mobil oswa yon bèson Kabann yon ti bebe dwe gen yon matla ki di epi plat. Si w pa gen yon kote ki sekirité pou pitit ou a dòmi, fè nou konnen.

Mete yon ti bebe kouche sou do lè w ap mete lò dòmi. Dòmi sou do li se fason ki pi bon pou yon ti bebe dòmi.

Pa mete dòmi dous, nounous, oswa jwèt nankabann yon ti bebe.

Ti bebe yo pa DWE dòmi nan balanswa oswa chèz bebe pou machin yo. Ti bebe yo dwe repoze yo pandan jounen an epi dòmi lannuit nan yon bèson mobil "pack n play" oswa yon bèso epi matla a dwe di epi plat.



### Byenvini nan Little Lambs of Evansville!

Magazen Little Lambs of Evansville la pozisyone nan First Presbyterian Church nan 609 Southeast 2<sup>nd</sup> Street nan Evansville, Indiana.


Nou ouvè nan Mèkredi sòti nan 1:00 pm rive 5:00 pm epi nan Samdi sòti 10:00 am rive 12:00 pm epi sou randevou.

**Ou dwe pran yon randevou pou jwenn yon chèz bebe pou machin.**

Nou genyen yon entèprèt ki pale Panyòl; èske sa ap ede w? Nou kapab fè youn rele w.

Tanpri ale sou sit entènèt nou a pou jwenn plis enfòmasyon nan [www.littlelambsevansville.com](http://www.littlelambsevansville.com) epi renmen paj nou an sou Facebook.

# Little Lambs Vouchers



## Little Lambs

Building a Community  
of Healthy & Safe Children

# Guidelines & Voucher Holder